

# **BAB I BUBUKA**

## **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa téh mangrupa alat komunikasi anu kawilang penting dina hirup kumbuh urang sapopoé. Ku ayana basa, urang bisa ngayakeun hubungan jeung sasama manusa dina nepikeun kahayang jeung rupa-rupa pamaksudan.

Minangka alat komunikasi manusa, basa téh mangrupa hiji sistem anu mibanda sipat sistemis. Sistemis maksudna nya éta basa téh ngandung unsur-unsur nu puguh éntép seureuhna (Sudaryat, 1997:3). Ari anu dimaksud sistem nya éta “bahwa bahasa itu bukan merupakan sistem tunggal, melainkan terdiri dari beberapa subsistem yaitu subsistem randog, subsistem morfologi, subsistem sintaksis, dan subsistem semantik” (Chaer, 1994:4).

Panalungtikan ngeunaan basa Sunda bisa dilaksanakeun ngaliwatan mangpirang-pirang widang garapan fonologi, morfologi, sintaksis, jeung semantik. Fonologi medar perkara sora-sora basa, morfologi medar perkara wangun-wangun basa, sintaksis medar perkara susunan kalimah katut babagianana, jeung semantik medar perkara tata harti basa.

Ieu panalungtikan téh patali jeung salah sahiji widang sintaksis, nya éta kalimah. Dina hal ieu kalimah mangrupa wangun katatabahasaan anu maksimal mangrupa bagian pangleutikna tina wacana sarta ngandung pikiran lengkep, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun

atawa naek, anu relatif éta konstruksi téh bisa mandeg mandiri (Prawirasumantri, 2000:12). Salah sahiji papasingan kalimah dumasar kana patali makéna basa jeung konteks situasina nya éta kalimah paréntah (imperatif) nya éta kalimah nu miharep réson nu mangrupa pagawéan (Cook, 1971:38), ti jalma anu diajak ngomong (Ramlan, 1987:45).

Dina ieu panalungtikan dipaluruh ngeunaan adegan pragmatis kalimah paréntah (imperatif) anu dicokot tina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri. Aya 16 adegan pragmatis kalimah paréntah. Ku kituna, panalungtikan anu judulna Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Adegan pragmatis kalimah aya hubunganana jeung wujud pormal kalimah, nya éta réalisasi fungsi kalimah tina wangun jeung struktur kalimah, ari wujud atawa adegan kalimah nya éta ulikan dasar basa nu medar perkara bagbagan makéna basa dina rupa-rupa tujuan jeung kontéks situasina. Pedaran kalimah sacara pragmatis disawang tina fungsina nya éta kalimah wawaran (déklaratif), kalimah pananya (interogatif), jeung kalimah paréntah (imperatif). Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* Karangan Ahmad Bakri”

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu dipedar saméméhna, masalah panalungtikanana dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kalimah paréntah naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri?
- 2) Kumaha wangun kalimah paréntah dina éta kumpulan carpon?
- 3) Kumaha ma'na pragmatis kalimah paréntah dina éta kumpulan carpon?
- 4) Kumaha tahap pragmatis kalimah paréntah dina éta kumpulan carpon?
- 5) Kumaha wanda pragmatis kalimah paréntah dina éta kumpulan carpon?

### 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun struktur pragmatis kalimah paréntah dina basa Sunda. Ari déskripsina ngawengku tilu hal, nya éta:

- (1) data kalimah paréntah,
- (2) wangun pragmatis kalimah paréntah,
- (3) tahapan pragmatis kalimah paréntah,
- (4) harti pragmatis kalimah paréntah, jeung
- (5) wanda pragmatis kalimah paréntah.

### 1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan anu baris dilaksanakeun téh tangtuna kudu mibanda ajén tur aya mangpaatna. Hasil nu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun tatabasawan, hasil panalungtikan bisa dipaké ngeuyeuban kaédah-kaédah tata basa nu geus aya.
- 2) Pikeun guru basa, hasil panalungtikan bisa dijadikeun acuan dasar dina ngajarkeun basa Sunda hususna ngeunaan kalimah paréntah.
- 3) Pikeun élmu basa, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngabeungharan kamekaran basa Sunda.

### 1.4. Wangenan Operasional

Aya genep istilah anu perlu diécéskeun patali jeung ieu panalungtikan, nya éta adegan, pragmatik, kalimah, kalimah paréntah, carpon, jeung pragmatik.

- 1) Adegan atawa struktur nya éta wangunan anu eusina ngandung pola-pola sarta runtuyan unsur-unsur nu pakait tur ngéntép seureuh.
- 2) Pragmatik nya éta ulikan basa nu medar perkara bagbagan makéna basa dina rupa-rupa tujuan jeung kontéks situasina; medar perkara kamahéran atawa paripolah basa. Sipat anu patali jeung pragmatik disebut pragmatik.
- 3) Kalimah nya éta wangun katatabasaan nu mangrupa kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran

kalawan gembleng, diwatesan randegan panjang anu dibarengan ku wirahma ahir turun atawa naék tur relatif bisa mandeg mandiri.

- 4) Kalimah paréntah nya éta kalimah anu eusina pikeun maréntah batur sangkan milampah pagawéan, atawa miharep réspónsi nu mangrupa tindakan.
- 5) Carpon nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancarana, prosa naratif anu ukuranana pondok.

Jadi, anu dimaksud adegan pragmatis kalimah paréntah dina ieu panalungtikan nya éta papasingan kalimah dumasar kana patali makena basa jeung kontéks situasina nu miharep respon nu mangrupa pagawean atawa tindakan, ti jalma anu diajak ngomong.

### 1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar tina panalungtikan bisa dititénan saperti ieu di handap.

- 1) Salah sahiji ulikan sintaksis nya éta kalimah
- 2) Kalimah paréntah dina basa Sunda boga adegan nu tangtu
- 3) Kalimah paréntah bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana, di antarana waé dina kumpulan carpon *Dukun Lopus*.

### 1.6 Rang kay Tiori

Tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1997), “Sintaksis Basa Sunda” (Prawirasumantri, 2000), “Struktur

Pragmatis Kalimah dalam Bahasa Sunda” (Prawirasumantri Spk, 2002), jeung *Tatabasa Sunda Kiwari* (Sudaryat Spk, 2007).

### **1.7 Metode jeung Teknik Panalungtikan**

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Unsur-unsur anu didéskrripsikeun téh mangrupa jumlah kalimah paréntah, jeung harti kalimah paréntah. Dina ieu panalungtikan dipaké téknik dokuméntasi jeung téknik observasi. Téknik dokuméntasi digunakeun pikeun nyokot data anu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri. Ari téknik observasi, dilaksanakeun langsung kana kumpulan carpon. Data anu dikumpulkeun téh diolah ngagunakeun téknik analisis téks.

### **1.8 Populasi jeung Sampel**

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri. Sumber data anu ditangtukeun nya éta sakabéh kalimah paréntah minangka populasi. Sakabéh populasi dijadikeun sampel. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.